दिन—बुध दिनांक—04.10.2023

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

केन्द्र सरकार उज्जवला योजनाक लाभार्थी सभक लेल एल.पी.जी सब्सिडी प्रति सिलिंडर एक सय टाका बढ़ा देलक अछि। सूचना आ प्रसारण मंत्री अनुराग सिंह ठाकुर जनौलनि जे केन्द्रीय मंत्रिमंडल प्रधानमंत्री उज्जवला योजनाक लाभार्थी सभक लेल एल.पी.जी सब्सिडी दू सय टाका प्रति सिलिंडल सँ बढाकऽ तीन सय टाका प्रति सिलिंडर करबा के स्वीकृति देलक अछि।

---

केन्द्रीय स्वास्थ्य राज्यमंत्री एस.पी बघेल कहलनि जे राज्य सरकार सँ दू सय एकड़ जमीन भेटबाक शीघ्रहि बाद दरभंगा एम्सक निर्माण कार्य आरंभ कऽ देल जाएत। ओ कहलनि जे राज्य सरकारक लापरवाहीक कारणे एम्सक निर्माण कार्य एखन धरि संभव नहि भऽ सकल छल। एहि सँ पूर्व श्री बघेल एम्स निर्माणक मांग के लऽकऽ गोपालजी ठाकुर के अनिश्चित कालीन अनशन समाप्त करौलनि। एहि अवसर पर केन्द्रीय मंत्री नित्यानन्द राय आ अश्विनी चौबे, विधानसभा मे नेता प्रतिपक्ष विजय कुमार सिन्हा, विधान परिषद मे नेता प्रतिपक्ष हरि सहनी आ स्थानीय विधायक संजय सरावगी सहित भाजपाक कतेको विधायक आ विधान पार्षद उपस्थित छलाह।

---

रेलवे मे नोकरी के बदला जमीन घोटाला मामिला मे दिल्लीक सी.बी.आई अदालत राजद अध्यक्ष लालू प्रसाद, पूर्व मुख्यमंत्री राबड़ी देवी, उपमुख्यमंत्री तेजस्वी प्रसाद यादव आ राजद सांसद मीसा भारती के जमानत दऽ देलक अछि। पचास हजार टाकाक मुचलका पर सभ के जमानत देल गेल। आब एहि मामिलाक अगिला सुनवाई सोलह अक्टूबर कऽ होयत।

---

हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चाक संरक्षक आ पूर्व मुख्यमंत्री जीतनराम मांझी जातीय गणनाक विश्वसनीयता पर प्रश्न उठौलनि अछि। पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे ओ कहलनि जे वर्ष उन्नैस सय एकतीसक जातीय गणना मे राज्य मे यादव जातिक आबादी चारि प्रतिशत सँ किछु बेसी छल आ एहि बेरक रिपोर्ट मे यादव जातिक आबादी चौदह प्रतिशत सँ बेसी अछि। ओतहि, वर्ष उन्नैस सय एकतीसक आंकड़ा सँ तुलना करबा पर कतेको जाति सभक

जनसंख्या मे कमी आएल अछि। ओ कहलनि जे एहि बेर भेल जातीय गणना मे यादव के सभ उपजाति के एक संग मिला देल गेल जखनकि कतेको आन जातिक उपजाति के अलग–अलग गणना कयल गेल अछि।

————————————————————————

प्रदेश मे मॉनसून पूरा तरहें सक्रिय अछि। पछिला चौबीस घंटाक दरमियान राज्यक अधिकतर भाग मे नीक वर्षा दर्ज कयल गेल। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल जे अगिला चौबीस घंटाक दरमियान किशनगंज, पूर्णिया, कटिहार, बांका आ जमुई जिला मे किछु स्थान पर बहुत भारी वर्षाक आशंका अछि। एहि के लऽकऽ औरेंज अलर्ट जारी कयल गेल। ओतहि, खगड़िया, सहरसा, सुपौल, मधेपुरा, अररिया, भागलपुर, मुंगेर, नालंदा आ गया जिला मे किछु ठाम भारी वर्षाक चेतावनी जारी कयल गेल अछि।

————————————————————————

नेपालक तराई क्षेत्र आ राज्य मे भऽ रहल लगातार वर्षाक कारणे गंडक, बूढी गंडक, कोसी, गंगा आ सोन नदीक जलस्तर मे कतेको ठाम वृद्धि दर्ज कयल गेल। हमर संवाददाता जनौलनि जे पश्चिम चंपारण जिला मे गंडक नदीक जलस्तर एक बेर फेर बढए लागल अछि। आइ भोर वाल्मीकि गंडक बराज सँ नदी मे एक लाख तैईस हजार क्यूसेक सँ बेसी पानि छोड़ल गेल। बराजक सभ छत्तीस फाटक खोलि देल गेल अछि। जिला प्रशासन अधिकारी सभ के कोनहुं आपातकालीन स्थिति सँ निबटबाक लेल सतर्क रहबाक निर्देश देलक अछि।

————————————————————————

राज्य मे डेंगूक प्रकोप लगातार बढैत जा रहल अछि। डेंगूक मरीजक संख्या सात हजारक आंकड़ा के पार कऽ गेल अछि। स्वास्थ्य विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक दरमियान एक सय निन्नानवे नव मरीजक पुष्टि भेल। एहि मे पटना मे सभ सँ बेसी अड़सठि मामिला भेटल अछि। भागलपुर मे सोलह, सारण मे पन्द्रह आ भोजपुर मे तेरह नव मामिला भेटल अछि। एम्हर, पटना मे डेंगू सँ पन्द्रह मासक एक बच्चीक एनएमसीएच मे इलाजक दरमियान मृत्यु भऽ गेल।

————————————————————————

भाजपाक वरिष्ठ नेता आ पूर्व विधायक राजीव नन्दन दांगी के पटनाक एक निजी अस्पताल मे निधन भऽ गेल। ओ गया जिलाक गुरूआ विधानसभा क्षेत्रक प्रतिनिधित्व कयने छलाह। हुनक निधन पर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, विधानसभा मे नेता प्रतिपक्ष विजय कुमार सिन्हा, विधान परिषद मे नेता प्रतिपक्ष हरि सहनी आ भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष सम्राट चौधरी सहित कतेको गणमान्य लोकनि शोक–संवेदना जतौलनि अछि।

————————————————————————

चीन मे खेलल जा रहल एशियाई खेल सभ मे भारत एखन धरिक अपन सर्वश्रेष्ठ प्रदर्शन कयलक अछि। भारत सत्रह स्वर्ण पदक के संग पदक तालिका मे चारिम स्थान पर अछि। ओतहि, भारतीय खेलाड़ी सभ एखन धरि एकतीस रजत आ बत्तीस कांस्य पदक सहित कुल अस्सी पदक जीतलनि अछि।

———————————————————————————

आइ डॉल्फिन संरक्षण दिवस अछि। एहि अवसर पर प्रदेशभरि मे कतेको कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। पटना मे भारतीय प्राणी सर्वेक्षण आ गंगा समभूमि प्रादेशिक केन्द्रक दिस सँ गंगा नदी मे डॉल्फिन संरक्षणक प्रति जागरूकताक लेल कार्यक्रम आयोजित कयल गेल।

———————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।